

Lé Yo Travay  
Applikasyon Lwa Travay  
Davis-Bacon  
Doseye  
Lé Sipilemanté  
Travy Timoun  
Salié  
Lé  
Salié Minimom  
To Salié Kouran  
Konstriksyon  
Konje Familial  
Kontra Sévis  
Kontra ak Gouvernman  
Menndèv Agrikol

Pwoblém Salié ak Lé nan Travay ki Aplike pa WHD

Pou asistans, rele nou nan  
1-866-4-USWAGE  
(1-866-487-9243)  
[www.wagehour.dol.gov](http://www.wagehour.dol.gov)

Nou Ka Ede W  
Divizyon Salè ak Lè, Depatman Travay Ameriken  
Kijan pou Depoze yon Plent



Divizyon Salè ak Lè (WHD: Wage and Hour Division) Depatman Travay Ameriken responsab pou jere epi fè aplike kèk nan lwa pwoteksyon travayè ki pi enpòtan pou nasyon an. WHD angaje pou asire ke travayè nan peyi sa a touche kòrèkteman epi pou tout lè yo travay, san konsiderasyon sou estati imigrasyon yo.

Si w gen kesyon oswa enkyetid, ou ka rele nou nan **1-866-487-9243** oswa vizite **www.wagehour.dol.gov**. Y ap transfere w nan WHD ki pi pre w la pou asistans. Gen plis pase 200 biwo WHD atravè peyi a avèk pwofesyonèl ki fòme pou yo ede w. Enfòmasyon ki anba a itil pou depoze yon plent bay WHD:

- Kijan ou rele
- Adrès ou ak nimewo telefòn ou (kijan yo ka kontakte w)
- Non konpayi kote w ap travay (t ap travay)
- Adrès konpayi a (li ka diferan de kote ou t ap travay la)
- Nimewo telefòn konpayi a
- Non responsab oubyen pwopriyetè a (pou ki moun pou nou mande pou n pale)
- Ki travay ou fè
- Kòman e kilè yo te peye w (sa vle di lajan likid oswa chèk chak vandredi)

Nenpòt lòt enfòmasyon ou ka bay tankou bilten pèman yo, dosye pèsonèl lè ou te travay, oswa lòt enfòmasyon sou pratik pèman konpayi kote ou t ap travay la itil.

**Tout sèvis yo gratis epi konfidansyèl, menm si ou dokimante oswa pa dokimante. Tanpri raple w ke konpayi kote w ap travay la pa kapab ni revoke w ni nan okenn lòt fason fè diskriminasyon kont ou paske ou depoze yon plent bay WHD.**

Si WHD pa ka ede w, y ap fè tout efò pou refere w bay yon ajans oubyen òganizasyon apwopriye.